



Pou Piblikasyon Imedya: 27/05/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DÈNYE SERI ENSPEKSYON CHEMENDEFÈ

### *Pifò nan domaj ke yo te jwenn yo te korije pou ogmante sekirite piblik*

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse achèvmman yon lòt wonn nan machin tank petwòl brit yo te vize yo ak enspeksyon pis yo. Enspeksyon sa yo te dekouvri 85 domaj – enkli kat domaj sekirite enpòtan ki bezwen aksyon korektiv imedyat. Enspeksyon yo se te dènye pati nan pouse Gouvènè a pou pwoteje Nouyòkè yo kont danje potansyèl ki asosye avèk transpòtasyon petwòl brit pa konpayi tren machandiz yo. Ekip federal ak eta te egzamine 487 machin tank lwil brit e apeprè 213 kilomèt pis nan enspeksyon sa yo.

"Nou dwe kontinye kenbe tranpòtasyon lwil brit nan piwo nivo standa posib, e nou pral kontinye fè enspeksyon sa yo pou kenbe Nouyòkè yo ansekirite," Gouvènè Cuomo te deklare. "Pandan anpil fwa nou te konstate konsekans aksidan ki enplike tren lwil yo toupatou nan peyi a. Isit la nan New York, nou pral kenbe yon rejim enspeksyon sevè epi travay avèk patnè federal nou yo pou asire ke transpòtasyon lwil brit nan eta sa a fèt ansekirite."

Semèn pase, ekip enspeksyon yo ki soti nan Depatman Transpòtasyon Eta New York ansanm avèk Administrasyon Chemendefè Federal te fè enspeksyon sitèn lwil brit nan Kòporasyon CSX ki posede Lakou Selkirk nan konte ki anba yo. Enspeksyon yo te santre sou pis la, materyèl pis la ak sekirite mekanik ekipman machin sitèn yo, enkli wou ak fren. Ekip la te reyalize tou yon enspeksyon materyèl danjere pou garanti ekipman yo reponn ak regleman, san bliye vav, fèmte vav ak afich ak viyèt ki bay detay sou kago ki pral ekspedye a. Yo te verifiye tou enspeksyon machin sitèn ak dat tès presyon yo.

- Konte Albany: CSX Corporation-posede Lakou Selkirk
- Konte Albany: Canadian Pacific Railway-posede chemendefè Kenwood nan Albany
- Konte Erie: Chemendefè Sid Buffalo posede lakou tren nan Hamburg
- Konte Erie: Chemendefè Buffalo & Pittsburgh posede Lakou D nan Buffalo

Enspektè yo te egalman egzamine liy pis prensipal CSX:

- Alden ak Blasdell nan Konte Erie
- Ant liy eta New York/Pennsylvania nan Konte Chautauqua ak nan vil Hamburg
- Nan Syracuse, Konte Onondaga
- Ant Konte Fonda, Montgomery, ak Konte Rome, Oneida

Anplis, yo te enspekte liy pis prensipal Canadian Pacific ant Konte Whitehall, Washington, ak Burnt Hills, Konte Albany, ak pis chemendefè Co Clarendon & Pittsford nan lakou Whitehall, Konte Washington.

Domaj kritik yo te idantifye yo se te pwoblèm antretyen ki dwe rezoud imedyatman, men ki pa nesèsman endike defayans nan sekirite. Domaj nan tren ki pa twò grav dwe repare nan lespas 30 jou, pandan ke domaj nan tout machin sitèn yo dwe repare anvan tren an soti nan lakou a. Si sa pa posib, machin ki andomaje a pral soti nan lakou tren an pou rete tann reparasyon.

Komisyonè Depatman Transpòtasyon Eta New York Joan McDonald te deklare, “Li absoliman enpòtan ke yo kenbe ansekirite ak nan bon kondisyon travay machin ak tren ke yo itilize pou pote materyèl danjere yo toupatou nan Eta New York. Nou angaje pou kontinye travay avèk Gouvènè Cuomo ansanm avèk Administrasyon Chemendefè Federal pou rann li pi ansekirite pou viv, travay epi vwayaje nan zòn koridò tren nou yo.”

### **Enspeksyon chemendefè**

**Enspeksyon Liy Prensipal Pis CSX – Alden a Blasdell, Vil Buffalo –** Enspektè pis Depatman Transpòtasyon yo te egzamine 28 kilomèt pis ak 39 bouton nan zòn liy prensipal CSX apati Alden a Blasdell nan vil Buffalo. Enspektè yo te jwenn 13 domaj ki pa enpòtan, enkli bouton ki desere oswa manke, yon sipò tren ki lach ak boulon jwen ki pa sifi.

**Enspeksyon Liy Prensipal Pis CSX– Liy NY/PA nan Konte Chautauqua nan Vil Hamburg, Konte Erie –** Enspektè pis yo nan Administrasyon Chemendefè Federal te egzamine apeprè 60 kilomèt pis ak twa bouton nan liy prensipal CSX apati liy eta NY/PA nan Konte Chautauqua nan vil Hamburg nan Konte Erie. Enspektè yo te jwenn yon domaj ki pa enpòtan, yon fose drenaj ki te bouche avèk debri.

**Enspeksyon Pis Liy Prensipal CSX– Syracuse, Konte Onondaga ak Rome, Konte Oneida –** Enspektè pis yo nan Administrasyon Chemendefè Federal te egzamine apeprè twa kilomèt pis ak 14 bouton nan liy prensipal CSX nan Konte Syracuse, konte Onondaga ak Rome, konte Oneida. Enspektè yo te jwenn twa domaj enpòtan, enkli yon fragman ki kraze sou yon bouton aparèy tranzisyon, youn ki pi piti pase sa ki akseptab ak yon kalib dimansyon ki depase limit akseptab la, yo te repare tout imedyatman. Enspektè yo te jwenn tou 35 domaj ki pa enpòtan, enkli bouton ki desere, chire oswa bouton boulon ki manke, kranpon ranbad, goupuy ki manke oswa ize, boulon ray ki kase, sipò tren ki manke oswa ki lach ak bouton boulon tranzisyon, balas ki kraze ak atach ki pa sifi.

**Enspeksyon Pis Liy Prensipal CSX– Konte Fonda, Montgomery a Rome, Konte Oneida** – Enspektè pis yo nan Depatman Transpòtasyon te egzamine apeprè 63 kilomèt pis ak uit bouton nan zòn liy prensipal CSX ant Fonda, Konte Montgomery, ak Rome, Konte Oneida. Enspektè yo te jwenn yon domaj enpòtan, yon bouton fragman aparèy tranzisyon ki te repare imedyatman. Enspektè yo te jwenn tou uit domaj ki pa enpòtan enkli balas ki kraze, anlè bouton an pa ansekirite, ak manke sere, konpozan balistrad la chire oswa manke ansanm avèk boulon balistrad yo.

**Enspeksyon Pis Prensipal Canadian Pacific – Whitehall, Konte Washington County a Burnt Hills, Konte Albany** – Enspektè pis Depatman Transpòtasyon yo te egzamine apeprè 57 kilomèt pis ak sis bouton nan zòn liy prensipal Canadian Pacific ant Whitehall, Konte Washington, ak Burnt Hills, Konte Albany. Enspektè yo te jwenn nèf domaj ki pa enpòtan, enkli atach ki pa sifi, enkli bouton boulon aparèy tranzisyon ki lach oswa manke, yon obstriksyon ant baz ak plak tren an, manke anlè bouton boulon, kanivo drenaj ki pa bon, ak manke boulon jwenti.

**Lakou Whitehall, Konte Washington** – Enspektè Pis Administrasyon Chemendefè Federal yo te egzamine de kilomèt pis ak 12 bouton nan lakou Clarendon & Pittsford Railroad Co. Whitehall nan Konte Washington e yo te jwenn 12 domaj sekirite ki pa enpòtan enkli anlè bouton ki pa ansekirite, boulon ki lach oswa ki manke, move ajisteman ant pwen bouton ak ray yo, ak yon separasyon twa pous, ant tèt ak treyi chemendefè a.

### **Enspeksyon Machin Tank**

**Albany** – Nan Lakou Tren Kenwood nan Albany, enspektè ekipman tren yo te egzamine 119 machin sitèn petwòl brit nan etablisman Global Energy e yo te jwenn nèf domaj ki pa enpòtan enkli soulye tren mens ki chire, ak yo machpye ki pliye. Enspektè te egzamine tou 89 machin sitèn petwòl brit nan etablisman Buckeye Partner e yo pat jwenn okenn domaj. Materyèl danjere enspektè yo te egzamine 40 machin tank petwòl brit nan etablisman Global Energy e yo pat jwenn domaj.

**Selkirk** – Nan Lakou Tren Selkirk la, materyèl danjere enspektè yo te egzamine se 198 machin tank petwòl brit e yo pat jwenn domaj.

**Buffalo** – Nan lakou tren Frontier nan Buffalo, pat gen tren lwil nan lakou tren an pou enspekte. Nan Lakou Hamburg chemendefè Sid Buffalo nan Buffalo, enspektè ekipman tren yo te egzamine 18 machin sitèn lwil brit e yo te jwenn twa domaj ki pa enpòtan, enkli tiyo lè machin ki gen yon distans ki pa adekwat de ray la ansanm avèk ray sekirite lateral yo ki lach.

Nan Lakou Buffalo & Pittsburgh D nan Buffalo, enspektè ekipman tren yo te egzamine 23 machin sitèn lwil brit e yo pat jwenn domaj.

## **Enspeksyon Fonksyonman Pratik**

**Crescent ak Mechanicville** – Nan Canadian Pacific sidings nan Konte Saratoga enspektè fonksyonman pratik yo te verifye pou bon pwoteksyon tren an. Nan Crescent, yo te jwenn yon tren lwil brit vid nan direksyon nò te byen pwoteje. Nan Mechanicville, yo te jwenn yon tren ki chaje avèk etanòl nan direksyon sid byen pwoteje. Depi kanpay enspeksyon sible a te kòmanse nan fevriye 2014, NYSDOT ak patnè federal li yo te enspekte 9,846 machin tren (enkli 7,838 machin sitèn petwòl brit) e 3,234 pis kilomèt, yo te dekouvri 1,217 domaj, e li te pibliye 20 vyolasyon materyèl danjere.

Ogmantasyon enspeksyon nan pis chemendefè yo ak machin sitèn yo se youn nan aksyon agresif eta New York te pran apre yon seri katastwòf andeyò eta ki gen ladan transpòtasyon petwòl brit nan chan petwòl Bakken ki santre nan Nò Dakota .

Ane pase, sou demann Gouvènè Cuomo, ajans yo nan eta te fè yon revizyon kowòdone sou pwosedi sekirite ak preparasyon repons ijans ki gen rapò a anbakasyon petwòl nan Bakken kap ogmante prekse 1,000 kilomèt de Eta New York. Ajans yo te pibliye yon rapò nan mwa avril 2014 ki gen ladan 27 rekòmandasyon pou gouvènman eta, gouvènman federal ak endistri a pran pou redwi risk epi ogmante sekirite piblik nan transpòtasyon petwòl brit.

Jiska dat, ajans eta yo te kòmanse aplike tout 12 rekòmandasyon gouvènman eta e yo te konplete senk. Spesyalman, Eta New York te pran [66 aksyon](#) pou pi byen prepare sekouris eta ak lokal sizoka ta gen yon ensidan devèsman petwòl brit jan li detaye nan yon rapò pwogrè ki te pibliye nan mwa desanm. Eta New York pral kontinye travay pou l aplike antyèman tout 12 rekòmandasyon yo.

Anplis, Kalandriye Opòtinite 2015 Gouvènè Cuomo a ak Bidjè Eta 2015-16 la gen ladann plizyè mezi ki pou anpeche ak prepare pou potansyèl ensidan petwòl brit. Sa a gen ladan founi lajan ki nesèsè pou anplwaye moun ak fè depans preparasyon pou sa atravè ogmantasyon plafon Fon pou Devèsman Petwòl la jiska \$40 milyon soti nan \$25 milyon epi otorize jiska \$2.1 milyon nan Fon an chak ane kap sèvi popu mezi prevansyon ak preparasyon. Chanjman sa yo respekte Dekrè Egzekitif 125 Gouvènè Cuomo a ki prezante etap eta a ap franchi nan amelyore repons ak prevansyon nan devèsman petwòl.

Anplis, bidjè eta a prevwa uit nouvo anplwaye nan Depatman Pwoteksyon Anviwonman ak sis nan Biwo Pwoteksyon ak Kontwòl Dife kap travay nan planifikasyon, fòmasyon ak entèvansyon nan devèsman petwòl. Bidjè a ogmante tou frè pou petwòl ki transpòte nan eta a, soti nan 13.75 pou rive 12.25 santim pou petwòl ki enpòte nan eta a , ak 1.5 santim pou petwòl ki transbòde, kèlkeseswa petwòl la rete nan New York oswa li transfere nan yon lòt Eta. Itilizatè final nan eta a pral egzante anba ogmantasyon frè a epi pral rete nan 12.25 santim baril la.

Gouvènè Cuomo te pran inisyativ tou pou anplwaye senk nouvo enspektè sekirite tren NYSDOT, ki te pèmèt kapasite NYSDOT ogmante pou l pèfòme enspeksyon sekirite

tren atravè eta a.

Aksyon lòt eta yo gen ladan:

- Mande prese prese pou otorite federal yo revize espesifikasyon teknik yo epi akselere eliminasyon ansyen tren ki pa gen sekirite; aplike règ pi strik pou teste petwòl brit; epi revize itinerè petwòl brit la pou garanti wout ki pi apwopriye yo;
- Bay kontravansyon pou konpayi ki pa respekte regleman eta a pou kounye a ki gen pou wè ak derayman; epi
- Mande otorite federal pou yo akcelere ak ranfòse nivo sekirite tren yo epi ogmante enspeksyon yo.

Repons ljans Otorite ak eta te patisipe nan plis pase de douzèn egzèsis fòmasyon ane sa a pou pi byen prepare kominote nou yo pou potansyèl devèsman petwòl brit.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418